

SESRAWUNGAN INKGANG SAE

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي جَعَلَ النَّاسَ شُعُوبًا وَقَبَائِلَ  
 لِيَعَارَفُوا بِالْإِحْسَانِ أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ  
 لَا شَرِيكَ لَهُ الْخَالِقُ الْإِنْسَانِ . وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا  
 عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ فَصِيحُ اللِّسَانِ . اللَّهُمَّ صَلِّ  
 وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا نَبِيِّ آخِرِ الزَّمَانِ وَعَلَى آلِهِ  
 وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَابِعَهُمْ مِنْ أُمَّتِهِ خَيْرِ الْأُمَّمِ .  
 أَمَا بَعْدُ : فَيَا عِبَادَ اللَّهِ ! أَوْصِيكُمْ وَرِثَايَ  
 بِتَقْوَى اللَّهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ .

AL-HAMDULILLAHI LADZI JA'ALAN NAASA SYU'UUBAN  
 WAQOBAA-ILA-LIYA'AAROFUU BIL-IHSAANI ASY-HADU  
 ANLAA ILAAHA ILLALLOHU WAHDHULAA SYARII-  
 KALAHUL KHOOLIQUL INSAANA. WA-ASY-HADU ANNA  
 MUHAMMADAN 'ABDUHU WAROSUULUHU FASHIIHUL  
 LISAANI. ALLOOHUMMA SHOLLI WASALLIM WABAARIK  
 'ALAA SAYYIDINAA NABIYYI AAKHIRIZ ZAMAANI  
 WA'ALAA AALIHI AMMA WA-ASH-HABIHI WAMAN  
 TAABI'AHUM MIN UMMATIHI KHOIRIL UMAAMI. AMMAA  
 BA'DU : FAYA 'IBAADALLOHI... UUSHIIKUM WA-IYYAAYA  
 BITAQ-WALLOHI WATHOO'-ATIHI LA'ALLAKUM TUFLI-  
 HUUNA.



**Hadirin kaum muslimin ingkang minulya ....**

Sumangga kita sesarengan wangsul enget dhumateng Allah, enget dhumateng keagunganipun. Salajengipun ....., sumangga sesarengan gliyak-gliyak nglampahi sedaya dhawuhipun saha nebihi sedaya pepacuhipun Alloh. Mugi-mugi Alloh nglebetaken kita dhumateng golonganipun tiyang-tiyang ingkang taqwa wonteng ing ngarsanipun Alloh SWT Amiin Allohumma Amiin.

Sumerepane ....., bilih manungsa boten saget gesang piyambakan, mesthi mbetahaken pitulunganipun tiyang sanes. Pramila kita kedah mangertosi bilih wonten rencang utawi tangga teparo ingkang nyuwun pitulungan, kita kedah kersa paring pitulungan. Tindak-tanduk ingkang kados makaten kala wau sampun dados kuwajiban tumrap kita kaum muslimin. Dhawuhipun Alloh. Serat Al-Maidah : 2

وَتَعَاوَنُوا عَلَى الْبِرِّ وَالتَّقْوَى

"WATA'AAWANUU 'ALAL BIRRI WAT TAQWAA"

Artosipun : *Padha lung-tinulunga kowe kabeh marang kabecikan lan taqwa.*

Ayat kala wau njlentrehaken dhawuhipun Alloh supados kita remen lung-tinulung dhumateng sesami. Lung-tinulung kala wau andadosaken raketipun pasedherekan ing antawisipun kaum muslimin. Pitulungan menawi katindakaken kanthi ikhlas dhumateng Alloh kemawon dipunwastani ibadah sedekah. Sedekah ..., kalebet salah satunggaling amal ingkang migunani tumrap sedayanipun, inggih kagem tiyang ingkang sedekah punapa dene kagem masyarakat. Wondene hikmahipun sedekah kala wau sampun dipun jlentrehaken wonten ing hadistipun Nabi Saw. :



الصَّدَقَةُ فِي السِّرِّ تُطْفِئُ غَضَبَ الرَّبِّ .  
 وَالصَّدَقَةُ فِي الْعَلَانِيَةِ تُذْهِبُ فِي صَاحِبِهَا  
 سَبْعًا وَسِتِّينَ سَنَةً .

"AS-SHODAQOTU FIS-SIRRI TUTH-FI'U GHODLOBU ROBBI.  
 WAS-SHODAQOTU FIL 'ALAANIYATI TUDZ-HIBA FII  
 SHOOHIBIHAA SAB-'AMI-ATI SARRIN"

Artosipun : Sedekah kang katindakake kanthi sirri, ngerem-erem dukaning Alloh, lan sedekah terang-terangan bisa ngilangake pitung atus kaluputane manungsa marang Alloh.

Hadist punika maringi pangertosan bilih sedekah kalebet salah satunggaling amal ingkang agung, migunani dhumateng piyambakipun punapa dene dhumateng tiyang sanes. Awit saking punika sumangga dados tiyang ingkang remen sedekah miturut kekiyatan kita piyambak-piyambak.

Sedekah boten kedah ngagem arta utawi donya brana kemawon, ugi saget ngagem pocapan ingkang sae, nalar lan tenaga. Dhawhipun Nabi Saw. :

انْقُوا النَّارَ وَلَوْ بِشِقِّ تَمْرَةٍ . فَإِنْ لَمْ تَجِدُوا  
 فَبِكَلِمَةٍ طَيِّبَةٍ ( مَسْفُوقٌ عَلَيْهِ )

"ITTAQUUN NAARO WALAU BISIQQI TAMROTIN, FA-IN  
 TAJIDUU FABIKALIMATIN THOYYIBATI"



Artosipun : *Jaganen sariramu saka geni neraka, senajan shadaqoh karo separo buah kurma, ananging lamun ora nemu, nganggoa pocapan kang becik .*

*(H.R. Bukhori lan Muslim)*

**Hadirin kaum muslimin ingkang minulya ...**

Samenika sumangga kita ngrembak babagan tumindak ingkang saget ngrisak kautaman wonten ing pasawrungan lan ngicalaken kapitadosan, inggih punika watak boten jujur. Cethanipun, watak ingkang boten jujur punika saget nebihaken kekancan utawi pasedherekan. Pramila Nabi Saw. ndhawuhaken :

مَنْ غَشَّ فَلَيْسَ مِنَّا (رَوَاهُ التِّرْمِذِيُّ)

**'MAN GHOSSA FALAISA MINNAA'**

Artosipun : *Sapa sing senengangapusi, wong iku dudu saka golonganku.*

Gesang wonten ing ngalam donya boten badhe saget awoh punapa ingkang dipunkersakaken, menawi boten saestu kersa nuladha dhumateng tindak-tanduk ingkang sampun dipun tuladhani dening Nabi Muhammad Saw. awit saking punika rawhipun Nabi sasanipun dados tuladha, ugi paring khabar suka tumrap umat ingkang kersa ta'at lan khabar siksa dhumateng tiyang ingkang ingkar dhumateng Alloh SWT. Pramila begja sanget tumrap tiyang-tiyang ingkang kersa midhangetaken dhawhipun Nabi Saw., lajeng kersa ngamalaken.

Dhawhipun Alloh serat Ali Imron 132 :

أَطِيعُوا اللَّهَ وَالرَّسُولَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ



## "ATHII'ULLOOHU WAR ROSUULA LA'ALLAKUM TUR-HAMUUNA"

Artosipun : *Padha ta'ata kowe marang Alloh lan Rosul supaya pinaringan rahmat.*

**Hadirin kaum muslimin ingkang minulya ....**

Pasrawungan ingkang sae wonten ing bebrayan saget dipunpantha dados tigang tingkatan :

Ingkang nomer setunggal, tingkatan paling ašor, inggih punika menawi kita boten njalari susahipun tiyang sanes, umpaminipun wekdal dalu pinuju tiyang sanes sami sare utawi sinau, kita nyetel radio boten perlu seru-seru. Utawi kita boten mbucal larahan wonten ing pekarangan tiyang sanes.

Dhawhipun Nabi Saw. :

مَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلَا  
يُؤْذِ جَارَهُ.

"MAN KAANA YU'MINU BILLAAHI WAL YAUMIL AAKHIRI  
FALLA YU'DZI JAA ROHU"

Artosipun : *Sapa wonge kang iman marang Alloh lan dina akhir,  
becik ora gawe lara atine tangga (H.R. Bukhari).*

Tingkatan kaping kalih, inggih punika tingkatan ingkang langkung inggil saking nomer setunggal kala wau. Pasrawungan ingkang sae miturut tingkat kalih punika, kajawi tumindak kados nomer setunggal, ugi tumindak ingkang saget migunani dhumateng tiyang sanes. Umpaminipun kita mangertos bilih salah satunggaling



rencang, sedherek, utawi tangga tepalih ingkang kahananipun tansah  
kekirangan, kita ingkang rumaos wonten wajib paring pambiyantu.  
Menawi ethok-ethok boten mangertos, kita badhe kalebet tiyang  
ingkang kados kadhawuhaken dening Nabi Saw. :

لَيْسَ الْمُؤْمِنُ الَّذِي يَسْبَعُ وَجَارُهُ جَائِعٌ إِلَى جَنْبِهِ

"LAISAL MU'MINUL LADZI YASBA'U WAJJARUHU JAA-I'UN  
ILA JANBIHI"

Artosipun : *Dudu wong mu'min, wong kang wareg nanging tangga  
sisihe ora bisa mangan.*

Inkang langkung sae kita paring pambiyantu kala wau kedah  
laras kaliyan kabetahan tiyang ingkang mbetahaken kala wau.  
Mugi-mugi kita dados tiyang ingkang migunani dhumateng tiyang  
sanes. Nabi Saw. sampun ndhawuhaken :

الْخَلْقُ كُلُّهُمْ عِيَالُ اللَّهِ وَأَحَبُّهُمْ إِلَى اللَّهِ  
أَنْفَعُهُمْ لِعِيَالِهِ

"ALKHOLQU 'TYAALULLOOHI KULLUHUM WAAHABBA-  
HUM ILALLOOHI ANFA'UHUM LI'TYAALIHII"

Artosipun : *Sakabehe makhluk iku kulawargane Allah, ing  
antarane makhluk kang paling disenengi Allah, yaiku  
wong kang paling migunani marang kulawargane  
Allah.*

Salajengipun ... menawi sampun nindakaken tata cara  
pasrawungan tingkat setunggal lan kalih, langkung sae malih



menawi kita kersa nindakaken pasrawungan tingkat ingkang langkung sampurna, inggih punika saget myezah sliranipun tansah sabar narima dhumateng tumindakipun tiyang sanes ingkang damel sakit manah kita, malah sasaget-saget kita paring piwales tumindak ingkang sae. Kados dene Rosulullah saw. ingkang sampun paring nasihat dhumateng Ali bin Abi Tholib:

إِنْ أَرَدْتَ أَنْ تَسْبِقَ الصِّدِّيقِينَ فَصِلْ  
 مَنْ قَطَعَكَ وَأَعْطِ مَنْ حَرَمَكَ وَأَعْفُ عَمَّنْ  
 ظَلَمَكَ

"IN ARODTA ANTASBIQOSH SHIDDIQIINA FASHIL MAN QOTHO'AKA WA'THI MAN HAROMAKA WA'FU 'AMMAN DZOLAMAKA"

Artosipun : Yen kowe kepingin ngluwihi tingkatane golongan shiddiqin, becik nyambung marang wong kang medhotake paseduluran, maringi wong kang wegah peparang lan paring pangapura wong kang nganiaya marang kowe.

Hadirin kaum muslimin ingkang minulya ...

Alhamdulillah ... menawi kita sedaya saget nglampahi tingkatan ingkang langkung utami, supados pasedherekan kita sakulawarga muslim saget kukuh, boten gambil crah, gesang kita dados ayem tentrem sarta pinaringan-berkah saking ngarsanipun Alloh SWT. saha dipunapura sedaya kalepatan kita. Amin Alloohumma Amin.



أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ . إِنَّ اللَّهَ  
لَا يَظْلِمُ النَّاسَ شَيْئاً وَلَكِنَّ النَّاسَ أَنفُسَهُمْ  
يَظْلِمُونَ .

A'UUDZU BILLAHI MINASY-SYAITHOONIRROJIIML  
INNALLOOHA LAH YADHLIMUNNAASA SYAI'AN  
WALAKINNANNAASA ANFUSAHUM YADHLIMUUNA.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ  
وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ  
الْحَكِيمِ إِنَّهُ تَعَالَى جَوَادٌ كَرِيمٌ مَلِكٌ رءُوفٌ  
رَحِيمٌ .

BAAROKALLOOHU LII WALAKUM FIL QUR'AANIL  
'ADHIIMI WANAFI'ANII WAIYYAKUM BIMAA FIIHI MINAL  
AAYAATI WADZ-DZIKRIL HAKIIMI INNAHU TA'AALAA  
JAWWADUN KARIIMUN MALIKUN RA'UUFURROHIIMUN".

— 0 —



الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَكْمَلَ لِلْعِبَادِ دِينَهُ . وَالَّذِي  
 وَفَّقَ أَهْلَ طَاعَتِهِ لِلْعَمَلِ بِمَا يَرْضَاهُ وَحَقَّقَ عَلَى  
 أَهْلِ مَعْصِيَتِهِ عَلَى مَا قَدَّرَهُ عَلَيْهِمْ وَقَضَاهُ .  
 أَحْمَدُهُ سُجَّانَهُ وَقَدَّاتِمَّ عَلَى عِبَادِهِ نِعْمَهُ . أَشْهَدُ  
 أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ . وَأَشْهَدُ أَنَّ  
 مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ . اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ  
 وَعَلَى آلِهِ وَاصْحَابِهِ صَلَاةً كَامِلَةً وَسَلِّمْ سَلَامًا  
 تَسْلِيمًا كَثِيرًا .

أَمَا بَعْدُ : يَا أَيُّهَا النَّاسُ ، اتَّقُوا اللَّهَ . إِنَّ اللَّهَ  
 أَمَرَكُمْ بِإِفْرِيقِ بَدَنِهِ بِنَفْسِهِ وَشَيْءٍ بِمَلَائِكَتِهِ  
 لِقُدْسِهِ . وَآيَةٌ بِالْمُؤْمِنِينَ مِنْ عِبَادِهِ . فَقَالَ تَعَالَى :  
 إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ



أَمَّنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى  
مُحَمَّدٍ اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى مَلَائِكَتِهِ الْمُقَرَّبِينَ وَأَنْبِيَائِكَ  
وَالرُّسُلَيْنِ. وَأَهْلِ طَاعَتِكَ أَجْمَعِينَ. وَاجْعَلْ مِنْهُمْ  
أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ. اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ  
الْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ.  
لَكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ مُجِيبُ الدَّعَوَاتِ. اللَّهُمَّ اجْعَلْ  
مَنْعَ أَهْلِنَا وَقَرَاتِنَا وَجَمِيعَ أَصْحَابِنَا وَأَهْلِ قَرْيَتِنَا  
بِرَّةَ أَعْيُنٍ وَاجْعَلْنَا لِلْمُتَّقِينَ إِمَامًا. وَاغْفِرْ لَنَا  
جَمِيعَ إِخْوَانِنَا الَّذِينَ سَبَقُونَا بِالْإِيمَانِ وَلَا تَجْعَلْ  
قُلُوبَنَا غَلًّا لِلَّذِينَ آمَنُوا رَبَّنَا إِنَّكَ رَؤُوفٌ  
رَحِيمٌ. رَبَّنَا إِنَّا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةٌ وَفِي الْآخِرَةِ  
سَنَةٌ وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. عِبَادَ اللَّهِ إِنَّ اللَّهَ  
يُرْكُمُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى



وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ  
لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ فَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ  
وَأَشْكُرُوا عَلَى نِعْمِهِ يُزِدْكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ  
وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ

AL-HAMDU LILLAHI I ADZII AKMALA LIL'IBAADI  
DIINAHU, WALLADZII WAFFAQO AHLA THOO'ATIHI  
LIL'AMALI BIMAA YARDLOOHU WAHAQQO 'ALAA  
MA'SHIYATIHI 'ALAA MAA QODDAROHU A'ALAIHIM  
WAQODLOOHU. AHMADUHU SUBHAANAHU WAQOD  
ATAMMA 'ALAA'IBAADIHI NI'MAHU. ASY-HADU ANLAA  
ILAAHA ILLALLOOHU WAHDHU LAA SYARIKALAHU  
WA-ASY-HADU ANNA MUHAMMADAN 'ABDUHU  
WAROSUULUHU. ALLOOHUMMA SHOLLI 'ALAA SAYYIDI  
NAA MUHAMMADIN WA'ALAA AALIHI WA-ASH-HAABIHI  
SHOLAATAN KAAMILATAN WASALLIM SALAAMA  
TASLIIMAN KATSIRON. AMMAA BA'DU : FAYAA AYYU  
HANNASU ITTAQULLOOHA. INNALLOOHA AMAROKU  
BI-AMRIN BADA-A BINAFSIHI WATSANNA BIMALAA  
IKATIHI LIQUDSIHI, WA-YÿAHA BILMU'MINIINA MI  
'IBAADIHI. FAQOOLAA TA'AALAAA: INNALLOOH  
WAMALAA-IKATAHU YUSHOLLUUNA 'ALAN NABIYYI YA  
AYYUHAL LADZIINA AAMANUU SHOLLUU 'ALAI  
WASALLIMUU TASLIIMAN. ALLOHUMMA SHOLLI 'ALA  
MUHAMMADIN ALLOHUMMA SHOLLI 'ALAA MALA  
IKATIHI MUQORROBIINA WA-ANBIYAA-IKA WALMU  
SALIINA WA-AHLI THOO'ATIKA AJMA'IINA WJ'  
MINHUM YAA AR-HAMAR ROOHIMIINA. ALLOHU  
MAGHFIR LILMU'MINIINA WALMU'MINAATI W



MUSLIMIINA WAL MUSLIMAATI AL-AH-YAA-I MIN-HUM  
AWL- AMWAATI INNAKA SAMII'UN QORIIBUN MUJII-  
BUDDA'AWAATI. ALLOHUMMAJ'AL JAMII'A AHLINAA  
WAJAMII'A ASH-HAABINAA WA-AHLINAA QOROO-  
YATINAA WA-AHLI QORYATINAA QURROTA A'YUNIN  
WAJ'ALNAA LILMUTTAQIINA IMAAMAN. WAGHFIRLANAA  
WAJAMII'I IKHWAANINAL LADZIINA SABAQUUNA BIL-  
IIMAANI WALAA TAJ'AL FII QULUUBINAA GHILLAN LIL  
LADZIINA AAMANUU ROBBANAA INNAKA RO-UUFUR  
ROHIIMUN. ROBBANAA AATINAA FIDDUN-YAA HASA-  
NATAN WAFIL AAKHIROTI HASANATAN WAQINAA  
'ADZAABAN NAARI. 'IBAADALLOOHI INNALLOOHA YA'-  
MURUKUM BIL 'ADLI WAL-IHSAANI WA-IITAA-I-  
DZILQURBAA WAYAN-HA 'ANIL FAHSYAA-I WALMUNKARI  
WALBAGHYI YA'IDHUKUM LA'ALLAKUM TADZA-  
KKARUUNA FADZKURULLOOHAL 'ADZIINA YADZKUR  
KUM WASYKURUU 'ALAA NI'AMIHI YAZITKUM WALAA  
DZIKRULLOOHI AKBARU WAL HAMDU LILLAHI ROBBIL  
'AALAMIINA".

---oo0oo---